



Politik sou Vizit pou Pwogram Rezidansyèl DDS yo

Mizajou nan Dat 1 Jiyè 2020

Objektif dokiman sa a se pou bay machaswiv pou Pwogram Rezidansyèl DDS yo, pou moun, pou fanmi ak moun pwòch moun yo pou pèmèt vizit pandan pandemi COVID-19 la pandan y ap respekte machaswiv ke Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ak machaswiv ke Depatman Sante Piblik Massachusetts (Department of Public Health, DPH) la rekòmande. Depatman Sèvis Developmantal (Department of Developmental Services, DDS) la rekonèt kijan li te difisil pou rete konekte pandan moman sa a pandan nou tout ap respekte prekosyon ki estrik pou kwape pwopagasyon virus la. Kounyea ekspè sante piblik yo te detèmine ke vizit yo ka fèt lè nou estrikteman swiv sèten prekosyon, tankou distans sosyal ak pwoteksyon pou vizaj.

Byenke machaswiv ki nan dokiman sa a genyen ladan mezi ak prekosyon ki enpòtan pou kwape pwopagasyon virus la, li pa posib pou prevwa sikonstans byen presi pou chak moun ak vizitè yo oswa pou chak Pwogram. Machaswiv sa a ta dwe ajiste pou adapte ak sikonstans endividyal nan mezi sa rezonab pou konsidere rediksyon risk yo.

Pwogram Rezidansyèl DDS yo ta dwe ajiste politik ak pratik sou vizit yo pandan y ap swiv règ aktyalize ki pi ba a, ki kòmanse 1 Jiyè 2020. Vizit andeyò sit la ka kòmanse 3 Jiyè 2020. Chak Pwogram Rezidansyèl DDS (ki rele annapre la a "Pwogram") dwe detèmine si vizit la ka otorize an tout sekirite pou rezidan, vizitè, ak pèsonèl la.

Vizit Anplennè

Zòn Anplennè Deziyen

- Vizitè yo pral otorize nan yon zòn deyò ki deziyen, tankou lakou, teras, galri ki louvri, pakin, oswa antre yo.
 - Yo pa otorize okenn espas deyò ki fèmen. Pa egzanp, si yo itilize yon tant, li dwe genyen antre lè epi san kote.
 - Si Pwogram lan monte yon tant, Pwogram lan ka gen pou mande vil la oswa katye a si yo egzije yon pèmi tanporè pou estrikti a.
- Yo p ap otorize vizitè yo antre nan lokal Pwogram lan pou okenn rezon.

Limit pou Vizitè yo

- Yo pral limite vizitè yo ak 2 vizitè alafwa.
- Yo ankouraje atoutfòs pou timoun ak moun ki arisk yo pou rete lakay yo.
- Pwogram yo ta dwe limite kantite vizitè yo otorize alafwa pou asire yo mentni distans sosyal la.



Politik sou Vizit pou Pwogram Rezidansyèl DDS yo

Mizajou nan Dat 1 Jiyè 2020

Egzamen Vizitè yo

- Tout vizitè yo dwe egzamine anvan yo vizite yon rezidan.
 - Yo pa otorize vizitè yo fè vizit si yo genyen sentòm COVID-19, sa gen ladan lafyèv, tous, souf kout, doulè nan göj, doulè miskilè, frison, oswa nouvo pèt gou oswa odè.
 - Tout moun ki genyen yon lafyèv (100.0 F oswa plis) **p ap otorize pou vizite** kay la.
 - Tèmomèt yo dwe dezenfekte aprè chak itilizasyon, selon machaswiv fabrikan an.
 - Yo pa otorize vizitè yo rann vizit si yo te teste pozitif pou COVID-19 nan dènye 14 jou yo oswa si yon pwofesyonèl medikal te mande yo pou mete tèt yo an karantèn akoz ekspozisyon.
- Tout moun ki patisipe nan yon vizit epi ki vin gen siy ak sentòm COVID-19 yo tankou lafyèv, tous, souf kout, doulè nan göj, doulè miskilè, frison, oswa nouvo kòmansman pèt gou oswa odè nan 2 jou aprè vizit la dwe touswit enfòme pwogram lan konsènan dat yo te sou sit la, konsènan moun yo te an kontak ak yo, ak anplasman kote vizit la te fèt la.
- Pwogram yo dwe touswit teste moun ki te genyen kontak ak vizitè a pou nivo ekspozisyon an epi fè swivi ak direktè medikal pwogram lan oswa founisè swen pasyan/rezidan an.

Mask pou Vizaj

- Yo egzije pou tout vizitè ki genyen plis pase 2 lane mete yon mask pwoteksyon pou vizaj pandan vizit la si yo ka fè sa an tout sekirite.
 - Vizitè yo dwe pote pwòp pwoteksyon sou vizaj yo, pou yo ka prezève pwovizyon PPE pwogram lan. Sepandan, si yon vizitè pa genyen yon pwoteksyon pou vizaj, y ap ba l youn.
- Epitou yo pral ankouraje rezidan yo mete pwoteksyon sou vizaj si yo ka tolere l epi fè sa san danje. Mask yo gendwa pa awopriye pou:
 - Moun ki genyen I/DD oswa yon pwoblèm konpòtman ki pa anmezi pou tolere lè yo mete yon mask
 - Moun ke yon mask lakòz pwoblèm respirasyon pou li

Distans Sosyal ak Sipèvizyon

- Moun yo dwe mentni distans sosyal nan tout mezi sa posib pandan vizit la
- Moun ki pa wè youn lòt depi plizyè mwa ka anvi gen kontak fizik. Pou redui risk transmisyon an, moun yo dwe:
 - Itilize dezenfektan pou men abaz alkòl ki gen omwen 60% alkòl anvan ak aprè kontak la
 - Evite kontak fasafas ki pwòch ak bo
 - Bay akolad ak vizaj nan direksyon opoze
 - Limite dire kontak fizik ki pwòch la
- Yon manm pèsònèl Pwogram lan ki byen konnen machaswiv sou vizit epi ki fòme nan zafè mezi sekirite debaz ak kontwòl enfeksyon dwe toupre pandan vizit la.



Politik sou Vizit pou Pwogram Rezidansyèl DDS yo

Mizajou nan Dat 1 Jiyè 2020

Manje Ansanm Pandan Vizit la

- Vizitè yo ka anvi pote yon manje prefere oswa yon repa pou pataje ak moun pwòch yo, manje ansanm pandan vizit la dwe siveye pandan y ap konsidere rediksyon risk yo:
 - Yo pa dwe pataje okenn manje nan menm asyèt la oswa bwè ak bouch nan menm gode a. Chak moun dwe itilize pwòp istansil kizin li epi pa pataje asyèt, gode, oswa kouvè.
 - Tout manje ansanm yo pote ki rete aprè yon vizit dwe jete oswa vizitè a dwe pran li.
 - Tout manje ki pa louvri oswa ti goute yo achte pou moun lan, yo gendwa remèt yo bay pèsonèl la ki ka mete non moun lan sou yo.

Planifye Vizit yo Alavans

- Yon pwogram gen pouvwa pou limite longè tout vizit, nan ki jou vizit yo pral otorize a, èdtan pandan yon jounen lè vizit yo pral otorize a, ak kantite fwa pandan yon jounen oswa pandan yon semèn yon rezidan ka resevwa vizit pou asire sekirite moun Pwogram lan ap sèvi epi pèsonèl la. Limit Pwogram lan enpoze yo dwe baze sou konsiderasyon sekirite epi pa dwe fèt yon fason abitè.
- Yo ankouraje Pwogram yo pou pèmèt lè vizit yo pandan tout jounen an, epi dwe repati vizit yo jan sa nesesè pou teni kont de distans sosyal.
- Vizite yo dwe pwogramme ak Pwogram lan alavans pou pèmèt kowòdinasyon ak lòt moun ki gendwa vle vizite epi asire nivo kantite anplwaye ki apwopriye tou.
- Li preferab pou fè vizit yo nan menm moman an chak semèn pou rezon planifikasyon.
- Vizitè yo dwe rele alavans pou asire ke kay la pa nan karantèn epi moun y ap sèvi a ka prepare emosyonèlman pou vizit la.
- Pwogram yo dwe konsève yon dosye pou tout vizitè yo, ki enkli non, dat vizit la, ak pèsonèl ki an sèvis yo.
- Pwogram yo pral kontinye soutni lòt metòd elektwonik pou komunikasyon ant rezidan ak vizitè yo, tankou Skype, FaceTime, WhatsApp oswa Google Duo.

Kay ki nan Karantèn ak Rezidan ki Izole

- Yo p ap otorize vizit pou okenn moun ki aktyèlman nan izòlman paske yo prezime oswa yo konfime li pozitif pou COVID-19 oswa ki nan karantèn akoz kontak pwòch oswa kontak familyal.

Dezenfekte Zòn Vizit la

- Si zòn deyò ki deziyen yo genyen ladan chèz, tab, oswa ban piknik, tout sifas yo dwe dezenfekte aprè chak vizit avèk itilizasyon yon dezenfektan [EPA apwouve pou itilize kont SARS-CoV-2](#).



Politik sou Vizit pou Pwogram Rezidansyèl DDS yo

Mizajou nan Dat 1 Jiyè 2020

Vizit Deyò Sit la

Apati 3 Jiyè 2020, moun yo ka ale avèk fanmi yo oswa moun pwòch yo nan yon vizit deyò sit la, ki enkli yon vizit pou rete lannwit selon kondisyon sa yo:

- Rezidan an pa nan izòlman aktyèlman paske yo prezime li genyen COVID-19 oswa yo te konfime li pozitif oswa li nan karantèn akoz kontak pwòch oswa kontak nan kay.
- Rezidan an ak vizitè a (yo) pa dwe genyen siy oswa sentòm COVID-19 la epi yo dwe genyen yon tanperati > 100.0 deg F.
 - Tèmomèt yo dwe dezenfekte aprè chak itilizasyon, selon machaswiv fabrikan an.
- Manm fanmi oswa moun pwòch la dwe siyen yon fòmilè atestasyon, ki ateste ke:
 - Tout moun ke rezidan an prevwa vizite pa gen okenn sentòm COVID-19, sa gen ladan lafyèv, tous, souf kout, doulè nan gòj, doulè miskilè, frison, oswa nouvo pèt gou oswa pèt odè, epi yo pa te an kontak pwòch¹ ak okenn moun ki gen yon ka yo konfime oswa yo sispèk pou COVID-19 nan 14 jou ki sot pase yo.
 - Yo pral evite kontak pwòch ak tout moun ki pa te fè yon depistaj pou sentòm COVID-19.
 - Tout vizitè yo ak rezidan an pral mete yon mask pou vizaj oswa yon pwoteksyon pou vizaj andedan kay, si yo ka fè sa an tout sekirite, si yo pa ka aplike distans sosyal, sa gen ladan nan kay fanmi an, ak nan lòt espas fèmen tankou yon vwati.
 - Si l ap rete pandan lannwit, rezidan an pral dòmi nan pwòp chanm li, oswa si sa pa posib, omwen sis pye de lòt moun, nan tout mezi sa posib.
 - Fanmi an ap chèche asistans medikal epi pwogram rezidansyèl la pral resevwa enfòmasyon si moun lan kòmanse montre sentòm maladi oswa li vin an kontak ak yon moun ki teste pozitif pou COVID-19 pandan li deyò nan vizit la.
 - Yo pral swiv pwotokòl sou kontwòl enfeksyon pandan tout vizit la nèt.
- Pou vizit lakay yo, yo pral mande fanmi oswa moun pwòch yo pou bay non ak enfòmasyon kontak tout moun rezidan an prevwa pou antre an kontak ak yo pandan vizit la sizoka rechèch kontak ta vin nesesè. Fanmi an oswa moun pwòch yo dwe kominike modifikasyon nan seksyon sa a nan fòmilè a lè yo retounen.

¹ Kontak pwòch defini kòm etan nan mwens ke 6 pye ak yon moun ki pozitif pou COVID-19, pandan omwen 10-15 minit, alòske li pa prezante okenn sentòm oswa nan 48 èdtan oswa mwens anvan aparisyon sentòm, oswa yon moun ki te teste pozitif pou COVID-19, san konsidere sentòm yo, nan 48 èdtan anvan yo te fè tès la oswa nenpòt lè nan 10 jou aprè tès la



Politik sou Vizit pou Pwogram Rezidansyèl DDS yo

Mizajou nan Dat 1 Jiyè 2020

- Anplis de sa, fanmi an oswa moun pwòch yo dwe enfòme pèsònèl Pwogram lan si moun lan te vwayaje andeyò Eta a pandan vizit la
- Fanmi an oswa moun pwòch yo dwe siveye tèt yo ak moun lan pou sentòm COVID-19 yo pandan vizit la. Pèsònèl Pwogram lan pral egzamine moun lan pou sentòm COVID-19 ak lafyèv anvan li retounen nan pwogram rezidansyèl la.
- Nan mezi sa posib, vizit ak aktivite andeyò sit la dwe fèt kote rezidan an ak vizitè yo anmezi pou mentni distans sosyal. Yo dwe diminye nèt tan yo pase nan zòn piblik ki gen anpil moun oswa lòt zòn kote kapasite pou mentni distans sosyal la gendwa limite.
- Si rezidan an montre sentòm COVID-19, ki gen ladan lafyèv, tous, souf kout, doulè nan gòj, doulè miskilè, frison, konjesyon oswa nen k ap koule, kèplen, vomisman oswa dyare, oswa nouvo pèt gou oswa odè, fanmi an dwe chèche asistans medikal epi kontakte pwogram rezidansyèl la pou diskite sou kote yo ka izole moun lan an tout sekirite. Moun lan gendwa pa anmezi pou retounen nan rezidans lan jiskaske li pa gen okenn sentòm ankò.
- Yo p ap otorize vizit deyò sit la pou okenn rezidan ki aktyèlman nan izòlman paske yo prezime oswa yo konfime li pozitif pou COVID-19 oswa ki nan karantèn akoz kontak pwòch oswa kontak familyal.
- Tout moun ki patisipe nan yon vizit avèk yon rezidan epi ki vin gen siy ak sentòm COVID-19 tankou lafyèv, tous, souf kout, doulè nan gòj, doulè miskilè, frison, konjesyon oswa nen k ap koule, kèplen, vomisman oswa dyare, oswa nouvo kòmansman pèt gou oswa odè nan 2 jou aprè vizit la dwe touswit enfòme pwogram nan konsènan dat vizit la, konsènan moun yo te an kontak ak yo, ak anplasman kote vizit la te fèt la.
 - Pwogram yo dwe touswit fè tès pou tout rezidan ak manm pèsònèl ki te an kontak ak vizitè a pou nivo eksposisyon an epi fè swivi ak pèsònèl medikal pwogram lan oswa founisè swen rezidan an.
- On fwa rezidan an retounen nan kay la, yo dwe pran devan pou siveye I pou tout sentòm COVID-19 chak jou pandan katòz jou.

Politik sou Vizit yo Ka Chanje

- DDS, yon pwogram rezidansyèl, oswa yon founisè gendwa oblige chanje politik sa a avèk ti avi dapre egzijans Depatman Sante Piblik Massachusetts la oswa administrasyon sante lokal yo.
- Founisè, etablisman, oswa fwaye an gwoup yo gendwa kontinye entèdi vizit dapre desizyon sou chak ka apa, si yon rezidan, manm pèsònèl oswa vizitè teste pozitif oswa yo montre sentòm maladi, oswa yo detèmine ke yo pa ka fè aranjman pou vizit la san danje pou rezidan yo, vizitè yo, oswa pèsònèl la.